**O`zbekistan Respublikasi xaliq bilimlendiriw ministirligi**

**A`jiniyaz atindag`i No`kis ma`mleketlik pedagogikaliq instituti**

# «Mektepke shekemgi ta'lim» kafedrasi

# ARNAWLI PEDAGOGIKA

pa`ni boyinsha

## Lektsiya tekstleri

**No`kis 2016**

## 1-tema: Defektologiya pa’ni onin’ predmeti ha’m waziypalari

## Reje:

1. Balalarg’a defektologiya pa’ni haqqinda tu’sinik beriw.

2. Defektologiya pa’ninin’ basqa pa’nler menen baylanislig’i

3. Balalar menen alip barilatug’in korreksion isler

Defektologiya – fizikaliq yamasa ruwxiy rawajlaniwinda kemshiligi bar balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwindag’I belgilerin uyretetug;in olardin’ ta’lim ta’rbiyasi menen shug’illanatug’in pa’n.

Defektologiya so’zi latinsha defect- kemshilik, nuqsan, grekshe logos- ta’liymat, pa’n, uyreniw degen so’zlerden aling’an.

Fizikaliq yamasa ruwxiy rawajlaniwinda kemshiligi bar balalardi animal balalar delinadi ha’r qanday pa’nnin’ predmeti, maqseti ha’m waziypalari bolg’aninday defektologiya pa’ninin’de o’z aldina maqset waziypalari bar.

Defektologiya pa’ninin’ aldina qoyg’an maqsetlerinin’ biri bul animal balalardi oqitiw.

Defektologiya pa’ninin’ waziypasi animal balalardin’ kelip shig’iwi, sebepleri, tu’rleri, animal balalardin’ psixologiyaliq rawajlaniwindag’I belgilerin uyreniw, solarg’a tiykarlanip olar ushin deferensial yamasa inklyuziv sharayatta ta’limdi sho’lkemlestiriw, olardin’ ta’lim ta’rbiyasi menen shug’illaniw.

Defektologiya pa’ninin’ maqseti animal balalar ushin deferensial yamasa inklyuziv ta’limdi sho’lkemlestiriw ushin kerekli sha’rt-sharayatlardi uyreniw, olardag’I psixologiyaliq kemshiliklerdi ilaji bolg’aninsha joq etiw, du’zetiw, kemeytiw yamasa sezilerli da’rejege jetkeriw usillarin belgilew ha’m a’meliyatta ko’rsetip beriw jollarin ta’rbiyashi ha’m oqitiwshilarg’a ko’rsetip beriwdenibarat.

Anamallar ha’r turli boladi, olardin’ ayirimlari uliwma ta’wir bolip du’zelip ketedi, ayirimlari sezilerli da’rejede o’zgeredi, basqalari korreksiyalanadi bilinbeytug’in da’rejege keltiriledi.

Misali bala tilinde awir kemshilik bolsa balanin’ kishkene waqtinda duris qoyilg’an medika- pedogogik komissiyasinin’ qarari bolsa bul baladag’I kemshiliklerdi o’z waqtinda aldin aliwg’a boladi. Baladag’I kemshilik orayliq nerv sistemasinin’ organic kemshilikleri na’tiyjesinde payda bolg’an bolsa onin’ toliq du’zetip bolmasa da kemshilikti azaytiw, ko’zge ko’rinbeytug’in, sezilmeytug’in da’rejege jetkeriw mu’mkin. Defektologiya a’meliyatinda ja’ne sonday anamaliyani ushiratiw mu’mkin, olardi du’zetip, korreksiyalapta bolmaydi.

Misali: tuwma ko’zi ko’r balalar, tuwma qulag’I ka’r balalar, uliwma esitpeytug’in balalar usilar qatarina kiredi.

Bunda ko’riw analizatorinin’ waziypasin seziw analizatorlari, esitiw analizatorlarinin’ waziypasin ko’riw analizatorlarina ju’klew, kompesatsiyalaw yamasa basiw degendi an’latadi. Ko’riw qa’bileti toliq balalar seziw organlarina

tayang’an halda barmaqlari menen brayl (shriflarinan) ha’riplerinen paydalanipoqiydi. Bunda ha’rip alti puqta kombinatsiyasi menen belgilenedi.
Esitiw qa’bileti toliq balalar bolsa ima-isharalar, daktil nutqtan, barmaqlar ha’reketleri menen tu’sindiredi.

Defektologiya negizinde jan’a ha’m jas pa’n, 1925 jili Moskvada ekpersmental defektologiya ilimiy izertlew institute du’zildi.

Bul instituti psixolog, professor L.S.Vigotskiy basqarip bardi.

Vigotskiy animal balalardag’I kemshiliklerdi uyrenip shig’ip awir tu’rleri bar ekenligin aniqlap ko’rsetti. Ol “Defektologiyanin’ qiyinshiliqlari(asosiy muwommalari)” kitabinda animal balalar menen rawajlandiriwshi ta’limdi alip bariw kerekligin korreksiya kompensatsiya usillari ha’m olardi a’meliyatta qollaniw jollarin ko’rsetip berdi.

Vigotskiy animal balalardin’ tek g’ana jaman ta’replerin aniqlap qoymastan animal balalardin’ jaqsi ta’replerinde uyrenip shig’ip, imkaniyatlarin inabatqa ala turip, ta’lim-ta’rbiya jumislarin sho’lkemlestiriwdi aytip o’tti.

1930 jildan baslap ayriqsha ja’rdemge mu’ta’j balalardi ma’jburiy oqitiw baslandi, sonin’ menen birge defektolog qa’niygelerdi tayarlaw baslandi.

Ataqli psixolog L.V.Zakirov 1935 jildan L.S.Vigotskiy menen birgelikte isley basladi. Bul alimlardin’ ta’liymatlari defektologiya ha’m psixologiya pa’nlerinin’ praktikaliq jaqtan rawajlaniwina ulken a’hmiyetke iye boldi. Olar sol da’wirdegi aqili kem balalar haqqindag’I nizam qag’iydalarg’a, natuwri berilgen tu’siniklerge qarsi shiqti.

Vigotskiy o’z ta’jiriybesinde aqili rawajlaniwinda kemshiligi bar balalardin’ rawajlaniwi sheksiz, olar kemshilikler sebepli toqtap qalmaydi, ba’lkim basqasharaq rawajlanadi degen pikirlerde eksperimental tiykarlarda ko’rsetip berdi.

O’z normasinda rawajlang’an ha’m animal balalardin’ biliw da’rejesin aniqlawdi I.M.Salavev ham ha’r ta’repleme uyrenip shiqti.

Eksperemantal defektologiya institute 1943 jili Defektologiyanin’ ilim izertlew institutina aynaldi. Ha’zirgi zaman defektologiyanin’ rawajlaniwinda sol institute xizmetkerlerinin’ roli u’lken boldi.

O’zbekstanda defektologiyanin’ rawajlaniwi 1967 jildan baslap tezlesti sebebi sol jili Nizomiy atindag’I “Tashkent Davlat pedagogik” institutinin’ “Pedagogika ha’m psixologiya ” fakulteti qasinda Oligofrena pedagogika ha’m logopediya bo’limi du’zildi.

O’zbekistannan defektologiya qa’niygeligi boyinsha birinshi bolip asperanturada oqiw ushin Moskva qalasina S.SH.Aytmetov jiberildi.1963 jili Defektologiya ilimiy izertlew institute ken’esi qarari menen Gnezdilovtin’ basshilig’I astinda “Aqili zayf bolalar nutqini, mexnat faoliyatini o’stirish yollari” temasindag’I desertatsiyasin jaqlap shiqti ha’m sol da’wirden baslap defektologiyanin’ rawajlaniwina ulken u’leslerin qosti. Sol da’wirde Moskvada Davlat pedagogic institute qasindag’I defektologiya fakulteti oqitiwshilardi tayarlap berer edi. Son’ O’zbekistanda Joqari mag’liwmatli defktologlardi tayarlaw jolg’a qoyildi. Bul jerde oqitiwdi sho’lkemlestiriw ushin S.SH. Aytmetov Maskva Davlat pedagogika institutinin’ defektologiya fakultetinin’ jetekshi qa’niygeleri, professor oqitiwshilarin bilim beriwge shaqirdi.

1967-1970 jillari Tashkentte qa’niygeligi boyinsha defektologiyadan qollanbalar avtori professor X.S.Saleskiy, A.R.Neymon, Gats, V.I.Selevetsrovlar alip kelip oqitildi.

1971 jili Defektologiya fakulteti ayriqsha bahalarg’a tamamlang’an V.S.Raxmanova fakultette o’zbek tilinde arnawli pa’nlerdi islep shig’iw ha’m oqitiw ushin qaldirildi. Defektologiya fakulteti rus tilinde de ashildi. Son’ o’zbek toparlarina qa’niygelerdi tayarlaw kerek boldi. S.SH.Aytmetova bul ma’seleni tez arada jolg’a qoydi.

S.SH.Aytmetova 1972 jil defektologiya kafedrasin du’zdi. Onin’ talaplari menen 1976 jildan baslap Surdopedogogika tarawi boyinsha jumis isledi ha’m jan’a taraw ashildi.

1984 jildan baslap o’z aldina Defektologiya fakulteti bolip bo’linip shiqti. Onin’ dekani bolip S.SH.Aytmetova bolip tayarlandi.

Aytmetova defektologiya boyinsha bir neshe min’lap qa’niygelerdi tayarlap shiqti.

Aytmetovanin’ arnawli mektepler, arnawli internatlardag’I balalarg’a ta’lim-ta’rbiya beriw ushin arnalg’an oqiw qollanbalari ha’zirgi ku’nge shekem paydalanip kelmekte.

Korreksion pedagogika latinsha joq etiw, du’zetiw degen ma’nisti beredi.

Pedagogika – ta’lim-ta’rbiya, u’yreniw degen so’zlerdi bildiredi. Korrektsion pedagogikanin’ waziypasi anamaliyalardin’ kelip shig’iw sebeplerin, tu’rlerin, animal balalardin’ psixologik rawajlaniwindag’I ha’reketlerdi, belgilerdi uyrenip solar tiykarinda integratsiyalag’an, inklyuziv yamasa deferensial ta’limdi sho’lkemlestiriw olardin’ ta’lim ta’rbiyasi menen shug’illaniw degendi an’latadi.

## 2-tema. Ayriqsha ja’rdemge mu’taj balalar topari.
## Aqili zayip balalar haqqinda tu’sinik.

## Reje:

1. Ayriqsha ja’rdemge mu’ta’j aqili zayip balalar haqqinda tu’sinik
2 .Aqili zayiptin’ kelip shig’iw sebepleri
1. Aqili zayipliqtin’ tu’rleri

Oligofreno pedagogika menen arnawli pedagogika aqili zayip balalar ta’lim ta’rbiyasi olardin’ kemshiliklerin du’zetiw defektologiya pa’ninin’ negizgi bo’legi bolip keledi. Aqili zayiptin’ jen’il tu’rindegi kesellik ayriqsha balalarda deyerli ko’zge ko’rinbeydi. Bunday balalardi o’z qatarli kemshiliksiz balalardan ajiratip bolmaydi qolayli jag’dayda psixolog-pedagoglarg’a qiyinshiliqlardi tuwdiradi.

Ayirim jag’daylarda tiyisli ta’lim-ta’rbiya berip barilmasa bunday balalar pedagogik qarawsiz qarawsiz balalar qatarina kirip qaladi. Ko’pshilik jag’daylarda aqili zayipliq balanin’ kishkene waqtinda aniqlanbag’anlig’I na’tiyjesinde bunday balalar rawajlaniwinda arqag’a qalg’an balalar qatarina kirip ketedi.

Medika-pedagogik komissiyanin’ duris jolg’a qoyilmag’anlig’I menen yamasa naduris tashxis qoyg’anlig’I na’tiyjesinde jaman na’tiyjelerdi keltirip shig’aradi. Misali uliwma bilim beriw mekteplerine bilmey tu’sip qalg’an aqili zayip bala o’z ten’leslerinen arqada qaladi olardin’ o’zlestilgen oqiw materiallarin bul bala ushin qiyinshiliqlar tuwdiradi. Sonin’ na’tiyjesinde bala to’men oqiwshilar, sabaqti o’zlestire almaytug’in oqiwshilar qatarina qosiladi.

Aqili zayip balalar kemshiliklerinin’ awir, jen’il da’rejelerine qarap 3 tu’rge bo’linedi.

1. devillik
2. imbetsillik
3. idiotliq

Sonin’ menen birge aqili zayipliqti tuwma aqili zayipliq yamasa jasaw da’wirinde arttirilg’an aqili zayipliq bolip bo’linedi.
1-toparg’a: (Oligofrenler kiredi)
2-toparg’a: epelepsiya(tutqanaq), gidratsifaliya, shizofreniya h.t.b kiredi.

I. Debillik- bul aqili zayipliqtin’ jen’il tu’ri bolip balalarda ju’da ko’p tarqalg’an keselliktin’ tu’ri. Ja’rdemshi mekteplerge bul balalardi ajiratqanda ko’p qiyinshiliqlar tuwdiradi. Sebebi ja’rdemshi mektep balalarinin’ ko’pshiligin debil balalar quraydi. Mektepke qabillang’anda negizgi qiyinshiliqlardin’ biri bul aqili zayiplilig’I ju’da bilinerli da’rejede bolmaydi, olar ha’mme na’rseni toplap ayta aladi. Olardin’ so’ylew da’rejeleri jaqsi saqlang’an boladi. Bunday balalar ja’rdemshi mektep programmasin jaqsi o’zlestire aladi.

II. Imbetsillik debil da’rejeden birqansha awirlaw. Bul balada Oligofreno bir qansha ajiralip bilinip turadi. Bul balalar ko’p na’rselerdi o’zlestire almaydi, tu’siniklarge iye bola bermeydi, o’zlerinin’ oqig’an na’rselerin tu’sinbeydi, ja’rdemshi sorawlar arqali g’ana bunday balalar sorawlarg’a qisqa juwap beredi.

Imbetsil balalardin’ ko’riw ha’m esitiw analizatorlarinin’ qabillap alg’an xabarlarin tu’sine almaslig’I na’tiyjesinde ha’riplerdi eslep qala almaydi, bir-birine uqsas sesler, ko’rinisi jag’inan uqsas ha’ripler bolsa olardi bir-birinen ajirata almaydi.

Bunday balalar kitaptin’ mazmunin tu’sinbeydi biraq oqiwi mu’mkin.

Oligofrennin’ en’ awir tu’ri bul idiotliq. Bunday balalar seziw, oylaw protsesleri rawajlanbag’an boladi. O’zin qorshop turg’an ortaliqqa hesh ta’sirin tiygizbeydi.o’z shaxsin aniq bilmaydi. Olardin’ oylawi deyerli joq. Ideyot balalar o’zlerine qaratilg’an so’zlerdi tu’sinbeydi tek ko’riw arqali g’ana bala azi-kem tu’siniwi mu’mkin. Idiot balalar o’z-o’zine xizmet isley almaytug’in da’rejede boladi.

Ideyot balalarda tu’rli tutqanaqlar fizikaliq rawajlaniwinda ha’r tu’rli kemshilikler, teri kesellikleri, ishki organda kesellikler, indokrin ha’m zat almasiwi buzilg’anlig’in ko’riwge boladi.

## 3-tema: Esitiwde kemshiligi bolg’an balalar

## REJE:

1. Esitiwinde kemshiligi bar balalar haqqinda tu’sinik beriw
2. Esitiw kemshiliginin’ kelip shig’iw sebepleri

So’ylew da’rejesi bul balanin’ ruwxiy rawajlaniwina onin’ barkamal bolip o’siwine ulken ta’sirin tiygizetug’in qural bolip esaplanadi. Awizeki so’ylewde rawajlaniw ushin balanin’ esitiw analizatorlari jaqsi rawajlang’an boliwi kerek boladi. So’ylewdi ha’reketke keltiriwshi analizatorlar esitiw analizatori menen baylanista boladi, sebebi esitiw analizatorlarinin’ rawajlaniw da’rejesi ko’binese soylewge baylanisli.

Defektologiyanin’ (T.A.Vlasova, R.M.Boskis) Bergen mag’liwmatlarina qarag’anda esitiwde kemshiligi bar balalardin’ kemshilikleri bala turmisinin’ qay waqtinda payda bolg’anlig’ina, keselliktin’ awir jen’il da’rejelerine qarap bo’linedi. Esitiwinde kemshiligi bar balalar awir esitiwshi, geren’ balalar, keyinshelli qulag’I esitpey qalg’an balalar toparlarina bo’linip u’yretiledi.

Tuwma ele tili shiqpag’an go’deklik da’wirinde eki qulag’inin’da uliwma esitpewi kar-saqawliqqa alip keledi.

Esitiw analizatorlari qisman buzilg’an bolsa bul balalar azi-kem esitetug’in balalar(zayip esitiwshi) balalar toparina kiredi.

So’ylew da’rejesi jaqsi bolip son’ esitpey qalg’an balalar turmis da’wirinde arttirilg’an qulag’I awir balalar qatarina kiredi. Esitiwinde kemshilik bar balalar kesellikleri tuwma ha’m arttirilg’an boladi. Kar-saqaw balalardin’ 25-30% tuwma kesellik bolip esaplanadi. Bunin’ sebebi bala ana qarninda rawajlang’aninda tu’rli juqpali kesellikler, gripp, ata-analarinin’ ishimlik ishiwi, ananin’ ha’miledarliq da’wirinde bilip-bilmey ha’r tu’rli da’rilerdi ishiwi bul ana qarnindag’I balanin’ tegis, toliq rawajlanbawina alip keledi. Qulaqtin’ du’zilisinde patologik o’zgerisler bolsa esitiw jolinin’ atrezyuasi pitiwine alip keledi.

Esitiw analizatorlarindag’I arttirilg’an kemshilikler qulaq yamasa esitiw analizatorlarinin’ kemshiliklerinen kelip shig’iwi mu’mkin. Bug’an joqari nerv sistemasi, o’tkiziwshi jollar, qulaqtin’ o’zindegi o’zgerisler boladi. Balanin’ kishkene waqtinda otit (kesellik), raxit,meningit, qizilsha, gripp kesellikleri menen awirg’an jag’daylarda kar-saqawliq eki tu’rli da’rejedegi awir esitiwshiliklerge alip kelewi mu’mkin.

Esitiwde kemshiligi bar balalar animal balalar qatarina kiredi. Sebebi bul kemshilik balanin’ uliwma rawajlaniwina ka’mil insane bolip jetilisiwine, da’stu’r materiallarin o’zlestiriwine o’z keri ta’sirin tiygizedi.

Esitiwinde kemshiligi bar balalar arnawli sharayatlarda, arnawli usillar menen oqitiladi ha’m ta’rbiya aladi. Esitiwinde kemshiligi bar balalardin’ jen’il tu’ri bolsa da balanin’ ha’r ta’repleme o’sip rawajlaniwina o’z ta’sirin tiygizedi.kishi jastag’I balalardin’ esitiw qa’bileti, so’ylew rawajlang’annan son’ misali: bala eki jastan son’ qulag’I awir esitpeytug’in da’rejede bolip qalsa bunday balalardin’ arqada

qaliwi sezilerli da’rejede bilinedi, bunday balalar geren’ ha’n saqaw balalar qatarina kirip qaladi.

Balag’a o’z waqtinda ja’rdem ko’rsetilmese bunday balalar aqili zayip balalar qatarina kiredi. Ha’zirgi ku’nde esitiwde kemshiligi bar awir esitiwshi balalar ushin arnawli mektep internatlar, balalar baqshalari bar. Olardin’ ta’lim- ta’rbiya aliwi ushin barliq imkaniyatlar jaratilip berilmekte.

**Esitiw analizatorlari arqali kelip shig’iwshi qulag’I awirliq, geren’lik kesellik tu’rlerinin’ kelip shig’iw sebepleri.**

Esitiw analizatorlari u’sh negizgi bo’limnen turadi:

- pereferik;
- o’tkeriwshi;
- orayliq bo’limlerge bo’linedi.

Esitiw nervlerinin’ orta yamasa ishki qulaqlarinin’ jaraqat aliwi esitiw analizatorlarinin’ buziliwina, esitiw sezgizi ha’m diqqattin’ buziliwina alip keliwi mu’mkin.

Esitiw analizatorlari arqali kelip shiqqan kesellikler 3 toparg’a bo’linedi:

1) Tuwma qulag’I awirliq(geren’);
2) Arttirilg’an erte kar bolg’an balalar(so’ylew da’rejesinin’ rawajlaniwina qarap);
3) Kesh kar bolg’an balalar;
4) Na’sliy karlik

Kesh kar bolg’an balalardin’ nutqi saqlanip qalg’an boladi. Esitiwdin’ buziliwi balalarda tu’rli infeksion kesellikler arqali ju’zege keliwi misali: miningit, skarlatina, otit, gripp keselliklerin infeksion juqpali kesellikler qatarina kiritiw mu’mkin. Keselliktin’ ja’ne bir tu’ri bir tu’ri bul ana qarninda rawajlang’anda virusli kesellikler menen awiriwi sol keselliklerdi keltirip shig’aradi. Misali: qizilsha, gripp

Esitiwinde kemshiligi bar balalar ruwxiy rawajlaniw nizamlari, ruwxiy rawajlaniwinda arqada qalg’an aqili zayip balalardin’ ruwxiy rawajlaniw nizamlari menen ten’ boladi.

Rawajlaniwinda kemshiligi bar balalar do’gerek-a’tirapindag’ilar menen qarim-qatnas jasawinda bir qansha qiyinshiliqlarg’a tuwra keledi.

Baladag’I qulag’I awirliqtiturmis dawaminda ekilemshi keselliklerdi arttirip aladi(aqili zayipliq).

Awir esitiwshi balalar esitiw analizatorlarinin’ qay da’rejede bolg’anlig’ina qarap jen’il, orta ha’m awir da’rejede kemshiligi bar balalarg’a bo’linedi.

Jen’il da’rejedegi qulag’I awir balalar dawis penen aytqan so’zdi 6-8metr qashiqliqtan dawis shig’armay sibirlap so’ylegen so’zlerdi qulaq supirasinda 3-6 metr qashiqliqtan esitedi. Orta da’rejedegi qulag’I awir balalar dawislap aytilg’an ha’r bir so’zdi 4-6 metr, dawissiz aytilg’an so’zlerdi 1-3 mert qashiqliqta esitedi. Awir da’rejede qulag’I awir balalar ortasha aytilg’an ga’pti 2 metr qashiqliqtan sibirlap aytilg’an ga’plerdi 0,5 metr qashiqliqtan esitiwi mu’mkin.

Qulag’I awir balalardin’ so’ylew da’rejesinde bir qansha kemshilikler ushirap til baylig’inin’ to’menligi, gramatik komponentlerinin’ rawajlanbag’anlig’I ga’pler ishinde so’zlerdi tu’sirip qaldiriw, so’zlerdi natuwri isletiw, so’zlerdi bir-biri

menen baylanistira almasliq, seslerdi qa’te aytiw, so’z jasawshi qosimtalardi islete almaw, dawissiz seslerdi bir-biri menen almastiriw, so’zler arasinda tu’sirip qaldiriw h.t.b. solar qatarina kiredi. Bunday balalardin’ kemshiliklerinin’ kelip shig’iw sebeplerin bilmey turip ayirim ta’rbiyashi ha’m oqitiwshilar balani is jaqpas, ta’rtipsiz balalar qatarina kiritip qoyadi ha’m olarg’a qa’te mu’nasebette boladi, na’tiyjede bala tartinshaq, jilawiq, ashiwshaq, aytqandi islemeytug’in bolip qaladi. Bunday balalarda qosimsha kemshilikler (psixikasinda) payda boladi.jen’il da’rejedegi qulag’I awir balalar o’z ten’lesleri menen  bilimlendiriw mekteplerinde ta’lim-ta’rbiya aliw sharayatlari jaratilg’an biraq bunday balalarg’a jaqinnan olardin’ psixalogiyasin u’yrenip aliw kerek boladi.

O’zbekistanda u’zliksiz ta’lim du’ziminde esitiwinde kemshiligi bar balalar ushin balalar baqshalari, mektep ha’m ka’sipke bag’darlaw kollejlerde arnawli toparlar bar. Bul jerdegi balalardin’ aqilinin’ normada ekenligin esapqa alip balalar 9 jilliq ta’lim da’sturler tiykarinda a’melge asiriladi.

Esitiw qa’bileti to’men balalar menen islesiwde surdopedagoglardin’ miynetleri arqasinda ko’p jetiskenliklerge erisip atirmiz. Usi topardag’I barkamal balalar arnawli keshki mekteplerde bilim alg’anlarinan keyin bunday balalar joqari oqiw orinlarinda bilim alip atirg’anlari bar. Son’ bunday balalar insanlar tu’rli ka’rxanalarda da o’z ten’lesleri menen birgelikte jumis islep atir.

Demek esitiw analizatorlarindag’I kemshiliklerdi joq etiwge boladi. Ja’rdemshi mektep internatlarda qulag’I awir balalardi oqitiw programmalari “la’pten oqiw” usili menen oqitiw programmalari kiritilgen. Ha’zirgi ku’nde esitiwde kemshiligi bar mektep-internatlarinda balalarg’a dawisti ku’sheytiwshi apparatlar menen oqitiw jolg’a qoyilg’an.

# 4-tema: Ko’riwde kemshiligi bolg’an balalar

## REJE:

1. Ko’riw analizatorinda kemshiligi bar balalar haqqinda
2. Ko’riw kemshiliginin’ kelip shig’iw sebepleri
3. Ko’zi a’zzi balalar ushin arnawli mekemeler haqqinda
4. Ko’riw kemshiliginin’ aldin aliw.

Arnawli psixologiyanin’ ko’riwde kemshiligi bar balalardi psixik rawajlaniwin uyretetug’in pa’n bul tiflopsixologiya dep ataladi. Tiflog – ko’p so’zinen aling’an bolip ko’pler psixologiyasi degen ma’nisti an’latadi.

Ko’zi a’zizler ha’m ko’zi ko’rler psixologiyasin uyreniw ko’p qiyinshiliqlardi tuwdiradi, ko’zi a’ziz, ko’r balalardag’I kemshiliklerdin’ qay da’rejede awirg’anlig’ina qarap olardi eki toparg’a bo’liwge boladi:

1) soqir balalar ha’m u’sh jasqa shekemgi tu’rli sebepler menen ko’zinen soqir bolip a’zzi ko’rip qaliwi;
2) u’sh jastan keyin ko’riw nuqsanlarin arttiriw;

ko’riwde kemshiligi bar balalarda bunday toparlarg’a bo’liwdegi maqsetlerimiz ko’zi soqirliq turmis dawaminin’ qay da’wirlerinde bala qanshaliq o’zin qorshap turg’an ortaliqtan o’zine kerekli informatsiyalardi ala aldi bilip aliw kerek boladi. Birinshi toparg’a kiritilgen balalarda egerde bala so’ylew da’rejesin o’zlestirip alg’ang’a deyin yamasa keyin ko’rlik payda bolg’an bolsa bunday balalarda ko’z aldina elesletiw ta’jiriybeleri az boladi yamasa ko’z aldina keltire almaydi.

Ko’riw analizatorlarinda kelip shiqqan ko’z kesellikleri: **tuwma** yamasa **arttirilg’an** boladi.

**Tuwma** ko’zi keselliklerinin’ kelip shig’iw sebepleri na’silden-na’silge o’tiwshi kesellikler, misali: (tuwma kataraktlar ayirim tu’rleri), ha’miledar hayallardin’ toksikozlarinin’ awir keshiwi, qizilsha kesellikleri menen awirsa sol waqitta ana qarninda rawajlanip atirg’an embionnin’ ko’riw organlarinin’ rawajlaniw da’wirinde, embrional da’wirinde miyde isikler payda bolsa bul keselliklerdin’ kelip shig’iwina sebepshi boladi.

Ha’zirgi zaman texnologiyalarinin’ jaqsi rawajlang’anlig’I sebepli a’zzi ko’riwshi balalardin’ sanlari azaydi sebebi meditsina tarawinda ko’p jaqsi o’zgerisler boldi. Balalarda ko’zi a’zzilik bir normada turatug’in ha’m zorati, ku’nnen-ku’nge to’menleytug’in da’rejede boladi.

Ku’n sayin zorayip baratug’in tu’ri ku’nnen-ku’nge awirlasip ko’zi uliwma ko’rmeytug’in soqir da’rejesine alip keledi. Ko’riw qa’biletinde zorayip ku’sheyip baratug’in tu’ri bul ko’k suw ya’kiy glaucoma keselligi (ko’zdin’ ishki basiminin’ ko’terilip ketiwi, ko’riw nervinin’ kusheyip ketiwi, tor perdesi, ko’zdin’ jaqtiliqti qabil etiwi bo’limi), gigienaliq talaplarg’a juwap bermew darejede reflekslik anamaliyalar menen birge ko’z kemshiliklerinin’ ku’sheyip bariwina alip keledi(bul degeni jaqinnan yamasa uzaqtan ko’riw)

Tiplopsixologiya pa’ninin’ waziypasi:

1. ko’r, soqir, zayip ko’riwshi ha’m ko’zinde heshqanday kemshiligi joq balalardin’ psixik rawajlaniwindag’I o’zgesheliklerdi bir-biri menen salistiriw;
2. ha’r tu’rli da’rejedegi ko’zi a’zziliktin’ ko’riw kemshiliklerdegi ruwxiy rawajlaniw basqishlarin uyreniw
3. ko’zi a’zzi ha’m ko’zi uliwma ko’rmeytug’in balalardin’ psixik ha’m jeke psixologik o’zgesheliklerin uyreniw;
4. ko’riwde kemshiligi bolg’an balalardi psixologik, kelip shig’iw sebeplerin pedagogic korreksiyasin aniqlaw;
5. ko’r, soqir ha’m a’zzi ko’riwshi balalardin’ o’zi jasap turg’an ortaliqqa beyimlesiwin ha’m reabilitatsiya isleri aniqlanadi.

Ko’zi a’zzi, ko’r balalar mektep internatlarinda balalarg’a ta’lim ta’rbiya beriw jumislari, ko’riw qa’biletlerin tiklew usillari u’stinde jumis alip baradi ha’m bunda ayriqsha jaqsi na’tiyjelerge erisip atir. Bunday balalar ren’lerdi, figuralardi ha’m basqa da zatlardi eslep qaladi, bul tiyisli lerdi payda etedi ha’m an’satlastiradi. Baladag’I ko’zi qansha kesh da’rejede ko’rmeytug’in jag’dayda bolsa bunday balalarda o’zin qorshap turg’an o’zgesheliklerdi tu’sinip sol haqqindag’I tu’siniklerdi o’zlestire aliwinda qiyinshiliqlar tuwdirmaydi. Ko’riw qa’bileti to’men bolg’an balalar ko’zi a’ziz balalar internatinda yamasa orta arnawli mekteplerde oqip bilim aliwi kerek.

Ko’zi a’zzi balalardi ta’rbiyalawda balanin’ jasap atirg’an ortalig’I u’lken rol oynaydi. Bala shan’arag’indag’I ha’r turli qolaysiz jag’daylar, uris ja’njeller balanin’ psixikasina jaman ta’sirin tiygizedi na’tiyjede bala ko’zinin’ a’zziligi ku’sheyip to’men da’rejege alip keledi.

Ha’r bi rata-ana, ta’rbiyashilar, oqitiwshilar ko’zi a’zzi balalardi o’z waqtinda oftomatologlar shipakerine jiberip tekserip za’rurli emlerin alip turiwi kerek boladi.

Aftomotolog tekseriwinen o’tkergen bala onin’ Bergen ko’rsetpeleri menen ju’riwi kerek. Ol balalardi qanday mektepke bariwi kerekligin aniqlap beredi ha’m baladag’I kemshiliklerdi korreksiyalawg’a ja’rdem beredi.

Ko’z o’tkirligi 0,005 den 0,4 ge shekem bolg’an balalar zayip ko’riwshi ko’zinde kemshiligi bar balalar baqshasina qabillanadi.

Arnawli mekteplerdi waziypalarinin’ biri bul balalarda saqlanip qalg’an ko’riw imkaniyatlarinan oqiw da’wirin duris paydalaniw ha’m olardi rawajlandiriw, ko’riw qa’biletinin’ pa’seyip, to’menlep ketpesligi ushin sha’rt-sharayatlar jaratip olardin’ joqari da’rejede ruwxiy rawajlaniwina ta’sir jasap balanin’ bilim da’rejesin ken’eytiw, balada ko’riw qa’biletinin’ zayiplig’I na’tiyjesinde payda bolg’an ekilemshi ruwxiy belgilerdi joq etiw bul basli waziypa esaplanadi.

Arnawli mektep internatlardi tamamlag’an ko’zi a’zzi balalar bizin’ ja’miyetimizge,o’zine ja’rdem beredi. Bunday balalar ko’rler ja’miyeti qasindag’I ka’rxanalarda isleydi.olar jaziwshi, shayir, joqari ha’m orta bilim beriw mekteplerinde oqitiwshi muzika oqitiwshi h.t.b. boliwi mu’mkin.

Ha’zirgi da’wirde ko’zi a’zzi balalarg’a ta’lim ta’rbiya joli menen rawajlandiriw imkaniyatlari ju’da ko’p duri jolg’a qoyilg’an korreksion isler na’tiyjesinde bunday balalar turmista o’z orinlarin tawip ketiwi mumkin.

## 5-tema: Nutq kemshilerinene iye bolg’an balalar haqqinda tu’sinik olardin’ kelip shig’iw sebepleri.

## REJE:

1.Tilinde awir kemshiligi bar balalar haqqinda tu’sinik beriw
2.Til kemshiliginin’ kelip shig’iw sebepleri
3. Til kemshiliginin’ aldin aliw
4. Ha’reket tayanish ag’zalarindag’i kemshilikler haqqinda tu’sinik beriw

Arnawli pedagogika pa’ni rawajlang’annan son’ ayirim tarawda pa’n sipatinda ajiralip shiqti. Sol pa’nler ishine logopiya pa’ni kiredi. Logopediya (logos-so’z, padeo ta’rbiyalaw) uyretiw degen ma’nisti bildiredi. Logopediya pedagik pa’nlerdin’ biri bolip bul til kemshiliklerinin’ kelip shig’iw sebeplerin, kemshilik tu’rlerin olardin’ aldin aliw, du’zetiw ushin arnawli ta’lim ta’rbiya usillarin ha’m metodlarin islep shig’ip, a’meliyatta iske asiriwda qollanatug’in pa’n. Ha’zirgi zaman logopidiyasina mektepke shekemgi balalar logopediya jas o’spirimler ha’m eresek logopediyasi, mektep jolindag’I logopediya bolip bo’linedi.

Nutq kemshiliginin’ uyreniwshi pa’n anatomiya, fiziologiya, nevrofiziologiya, otolorindologiya, nevronotologiya psixika-potologiya, pediatriya, lingvistika, psixolingvistika, psixologiyapedagogika pa’nleri menen tig’iz baylanista rawajlanadi.

Nutq o’zara so’ylesiw da’rejesinde bir-birine tu’siniklerin ayta alatug’in qural bolip esaplanadi. Tilinde kemshiligi bar balalardin’ psixikasina ondag’I kemshilik jaman keri ta’sirin tiygizedi.

Tilindegi kemshilik o’z o’zinen du’zelip bolmaydi, ol waqittin’ ku’sheyip baradi. Til kemshiligi bar balalar logoped ja’rdemine mu’taj boladi. Awir tu’rdegi kemshiligi bar balalardin’ tildegi kemshiligi balanin’ rawajlaniwina jaman ta’sirin tiygizedi. Ayirim til kemshiligi bar balalardag’I kemshilikler olardin’ fiziologiyasi menen baylanisli boladi. Bunday kemshilikler waqittin’ o’tiwi menen tuwirlanadi. Natuwri ta’rbiya ya’kiy oqitiwshinin’ tilindegi kemshilikler baladag’I kemshiliklerinin’ o’zgerissiz qaliwina sebep boladi. Bunda bala qaytalaw (tahlit qilish) na’tiyjesinde natuwri reflekslerdin’ bekkemlenip bariwina sebep boladi. Bul kemshilikler balalarda qosimsha ekinshi keselliklerdi keltirip shig’aradi.

Logoped ha’r bir balanin’ til kemshiligin uyrenip shig’ip til kemshiligi tiykarinda kelip shiqqan ekinshi da’rejedegi kemshiliklerdi ajirata biliwi kerek boladi. Egerde aqili rawajlaniwi arqada qalg’an balalarda til kemshiligin aniqlasa bunday balalardi arnawli mektep, mektep internatlarg’a, arnawli balalar baqshasina jiberiwi kerek boladi.

Nutqtin’ tuwri rawajlang’an boliwi ushin bala normal esitetug’in boliwi kerek. Balada esitiw analizatorlari balanin’ tuwilg’an ku’ninen baslap iske tu’sedi. Jasaw da’wirinin’ ekinshi ha’ptesine kelip bala ayirim seslerge qulaq tu’rip atirg’anlig’in seziw mu’mkin, bul baladag’I esitiw analizatorlarinin’ funsional

jeterli da’rejede ha’m de orayliq nerv sistemasinan esitiw dominantasi payda bolg’anin ko’rsetedi.

Bala eki ayliq bolg’anda dawislardi ajirata aladi, u’sh aydan baslap dawis kelgen ta’replerge qaraydi, 3-4 ayliq bolg’anda dawislardin’ tonin aniqlaytug’in da’rejede boladi. Bul normal balalarda ushiraytug’in qubilislar.

Balada erte da’wirde qulag’I awir bolsa bunday balalardin’ nutqi uliwma rawajlanbay qaladi, ayirim balalar qulag’I awirlig’I na’riyjesinde seslerdi buzip aytadi, til baylig’I bolmaydi, so’zlerdi ga’plerdi biriktiriw uliwma rawajlanbag’an boladi.

Tuwma qulag’I esitpeytug’in balalarda do’geregindegilerdin’ so’zlerin qaytalaw rawajlanbag’an boladi.

Gu-gulash olarda normal esitetug’in ten’leslerinde payda boladi. Biraq bul esitiw ha’reketi ta’repinen bekkemlenip barmag’anlig’I sebepli nutq a’ste aqirin so’nip turadi. Bunday jag’daylar arnawli pedagogic ta’sirisiz balada nutq rawajlanbaydi. Dawis ha’m nutqtin’ payda boliwi bul dem aliw organlarinin’ atqaratug’in xizmetine baylanisli boladi. Nutq so’zdi, dawisti payda etetug’in mu’shemiz bul pereferik so’ylew mu’shesi dep ataladi.

Pereferik so’ylew apparatina: murin, awiz, kegirdek, traxiya, bronxlar, o’kpe, ko’kirek qisimi dioframa kiredi.

Murin – bul dem aliw organinin’ negizgi birinshi bo’legi esaplanadi. Sonin’ menen birge murin iyis seziw organlarina da kiredi.

Murin u’sh bo’limnen turadi:

1. ishki;
2. orta;
3. tamiri.

Murin sirtqi ta’repten teri menen qaplanip, ishki ta’repi shilliq perde menen oralg’an bolip shilliq perdelerde mayday bezler, tukler, mayday qan tamirlari jaylasqan boladi. Murin nutq organinin’ waziypasinda atqaradi. Ayirim jag’daylarda murin dem aliw jag’daylari buzilg’an bolsa bul waqitta awiz dem aliw xizmetin atqaradi.

Balada til kemshiliklerinin’ kelip shig’iw sebepleri ha’r tu’rli:

1) izimbrion rawajlaniw da’wirinde ha’r tu’rli potologiyalar;
2) ha’miledarliq waqtinda taksikozlar, endokrin kesellikler, jaraqatlar qannin’ rezuzs faktorlarg’a tuwri kelmesligi;
3) tuwiliw waqtinda jaraqat aliwi, asfeksiya;
4) miydin’ jaraqatlaniwi menen birge payda bolg’an bas miy kesellikleri;
5) na’sillik faktorlari;
6) shan’araqtag’I natuwri ta’rbiya

Joqarida ko’rsetip o’tilgen sebepler balada tu’rli da’rejedegi til kemshiliklerin keltirip shig’aradi.

Til kemshiliklerinin’ tu’rleri:

1. dislaliya;
2. rinalaliya;
3. dizartriya;
4. dawis kemshilikleri;

5. alaliya;
6. afaziya;
7. tutilip so'ylew;
8. jazba til kemshliklerine bo'linedi.

Ha'reket tayanishi buzilg'an balalar ha'r qanday ata-ana o'z shan'arag'inda salamat balanin' fizikaliq ha'm ruwxiy jaqtan ka'mil insane bolip o'sip rawajlaniwin qa'leydi.

Respublikamizda mustaqillig'imizdin' da'slepki jillarinan baslap-aq salamat awladti ta'rbiyalawg'a u'lken itibar berip atir. Sonin' na'tiyjesinde ha'reket tayanish ag'zalarinda kemshiligi bar balalarg'a u'lken itibar berilip atir. Bunday balalarg'a ja'rdem retinde nagiranlar arbashalari berilip balalar mekteplerge, arnawli baqshalarg'a qatnay basladi.

Ha'reket tayanish buzilg'an balalarg'a DSTP tserebral paralish, polimilit(shol keselinin' belgisi) ha'reket tayanish ag'zalarinin' tu'rli tuwma ha'm arttirilg'an defermatsiyasi, ayaq-qollarinin' tartilip qaliwi h.t.b. kesellikler

Ha'reket tayanish ag'zalari buzilg'an balalarda ko'pshilik jag'daylarda miydin' tormizlaniwi(falaji) boladi. Bala ana qarninda rawajlanip atirg'an da'wirinde ananin' ha'r tu'rli keselliklerge shaliniwi, tuwiliwi da'wirinde patologik o'zgerisler bolsa, tuwilg'annan son' bir jasqa shekemgi da'wirde awir keselliklerge jolig'iwi na'tiyjesinde bas miydin' ha'reket zonalari buziladi. Na'tiyjede balanin' uliwma matorikasi menen nutqiy matorikasi buzilg'an boladi. Balanin' nutqinin' rawajlanbag'anlig'I onin' intelektinin' pa'seyip ketiwine alip keledi.

Medika pedogogik komissiyalardin' qarari menen ha'reket tayanish ag'zalari jaraqatlang'an balalar inklyuziv ta'lim aliwg'a, ya'kiy ja'rdemshi baqshalarg'a, internatlarg'a jiberiledi.

## 6-tema: Ruwxiy rawajlaniw arqada qalg'an balalar

## REJE:

1.Ruxiy rawajlaniwi arqada qalg'an balalar haqqinda tu'sinik beriw
2.Ruxiy rawajlaniwindin' klinik-psixogen belgileri
3.Oligofren balalar haqqinda tu'sinik beriw

Uliwma bilim beriwshi ta'lim ta'rbiya orinlarinda ulgermewshi oqiwshilar arasinda psixik rawajlaniwi to'menlegen balalar da ushiraydi. Olardin' biliw da'rejeleri – intelekt, pikirlew da'rejesi, xizmeti, diqqati, seziw da'rejeleri, qabil etiw, este saqlaw, oylaw ha'm so'ylew, qiyal etiw h.t.b qa'bileti orayliq nerv sistemasindag'I xizmetleri to'menlegeni sebepli bunday balalardin' intelekti to'men boladi. Na'tiyjede balada aqili zayipliq da'rejeleri bilinedi.

T.A.Vlasova, M.S.Pevzner, K. Mamedov, shaumarovlardin' pikiri boyinsha bunday balalar baslawish klaslardin' 5-8 % quraydi.

Ruwxiy rawajlaniw to'men balalar menen aqili zayip balalardi ajiratiw qiyin boladi. Intelektinin' rawajlang'ani to'men balalar aqil darejesine qarap eki toparg'a bo'linedi.

1. jen'il darejedegi kemshiligi bar balalar arnawli sharayatta 1-3 jil ta'lim-ta'rbiya alg'anlarinan keyin oqiw da'wirin bilim ta'lim-ta'rbiya beriw mekteplerinin' arnawli klaslarinda oqitiladi.
2. ruwxiy rawajlaniwi sezilerli da'rejede bilinetug'in balalar arnawli mektep, mektep internatlarinda ta'lim ta'rbiya aladi.

Bunday balalar mektep da'sturin o'z ten'lesleri Qatari o'zlestire almaydi. Bunday balalar ushin arnawli oqiw da'sturleri islep shig'ilg'an egerde ruwxiy rawajlaniwinda kemshiligi bar balalar uliwma bilim beriw mekteplerine tu'sip qalsa olar bul jerdegi oqiw programmalarin o'zlestire almaydi, olardin' biliw da'rejelerin to'menletip jiberedi, arnawli mektepte jaqsi oqiytug'in oqiwshilar bunday programmalardi o'zlestirmegenligi sebepli to'men oqiwshilar qatarina kirip qaladi.

Balalardin' da'sturiy materiallarin jaqsi o'zlestire almag'anlig'I sebepli rawajlaniwi to'menlegen balalar ha'r dayim tosqinliqlarg'a ushiraydi. Bul olardin' minez-qulqina keri ta'sirin tiygizedi, olardi jaman a'detlerdi keltirip shig'aradi.

Alimlarimiz K.S.Sebedinskaya, G,R,Berton, dupaeva h.t.b ruwxiy rawajlaniwi pa's bolg'an balalardin' kilinik –psixologik belgilerin 4 tu'rge bo'ledi.

1. konstitsional;
2. somatogen;
3. psixogen;
4. serebral tu'rleri.

Ruwxiy rawajlaniwdin' konstitutsion tu'rin ajiratiwshi belgilerge to'mendegiler kiredi:

- Balanin' gewde qisimi o'z ten'leslerine qarag'anda 1-2 jas kishi ko'rinedi.
- Bunday balalar o'zlerin baqsha jasindag'I balalrg'a uqsatip tutadi ja'ne ta'lim aliwg'a bilim da'rejesi jetilispegen boladi.
- Balalar oqiw programmalarina qizig'ip kirisip ketpeydi, sebebi balalarda oqiwg'a qizig'iwshiliq bolmaydi, bunday balalar juwapkershiliksiz

bolg'anlig'I sebepli ha'r bir na'rseni sha'rt dep esaplamaydi,oqiw, jaziw, matematikalardi ulken qiyinshiliqlar menen o'zlestiredi

- Sabaq waqtinda bunday balalar tez sharshaydi, awirip qaladi ha'm bir jerde otiriwg'a jalig'ip ketip orinlarinan turip ketetug'in boladi.
- Rawajlaniwinda kemshiligi bar bunday balalar ana qarninda rawajlanip atirg'an da'wirde qalqansiman bezlerin' atqaratug'in xizmetinin' buziliwi na'tiyjesinde, iri qan tamir kesellikleri sebep boliwi mu'mkin.

Balanin' kishkene waqtinda u'rli kesellikler menen tez-tez awirip turg'anlig'I na'tiyjesinde bala jaqsi o'sip rawajlanbaydi bul degeni balanin' ruwxiy rawajlaniwinin' arqada qaliwina sebep boladi. Balalardin' tez-tez infeksion kesellikler menen awiriwi balanin' tuwma parogi allergik belgilerin ko'rsetip o'tiwge boladi ayirim balada *samatogen* dep aytilatug'in tu'rleri ushirasadi. Bunda bala o'sip rawajlanbag'an go'dek da'wirindegidey bolip qala beredi.

Ruwxiy rawajlaniwdin' psixogen turdegi balada tuwilg'an dawirinen baslap balag'a qolaysiz qolaysiz shan'araqta ta'rbiyalaniwi sebepli balada ruwxiy rawajlaniwinin' arqada qaliwinin' o'z tasirin tiygizedi.

Balalar tarbiyasi menen uliwma shug'illanbasliq,olardi o'z halina taslap qoyiw bunday balalarda majburiyat,o'zine isenimshilik joq boladi.Aqlinin' rawajlanbay qalg'anligi menen bir qatarda olarda qizig'iwshiliq ,seziw,oylaw,qiyal etiw erk degen tu'sinikler jetispey qaladi.Balani har tarepleme erkeletiw jeterli darejede o'z betinshe jiberiw, o'z pikirin aytqizbasliq shan'araqta erke bala qilip o'siriw ha'dden ziyat onin' kewline qaraw na'tiyjesindede bala ruwxiy rawajlaniwinin' arqada qaliwina sebepshi boladi.Ruwxiy rawajlaniwdin' tserebral formasi miydin' jaraqatlaniwi Meningit,Meningontsefalit,Gidrotsefaliya h.t.b kesellikler na'tiyjesinde kelip shig'adi. Bunday balalardin' oqiwi pa'seyip ketedi, bunday jag'day o'z waqtinda tez aniqlansa balalarg'a tiyisli ja'rdem ko'rsetilse bunday balalar arnawli mektep programmalarin o'zlestire aladi.

Ruwxiy rawajlaniwinda kemshiligi bar balalardi ayirim tu'rlerin waqti-waqti menen psixonevrologik sanatoriyalarda emleniw buyiriladi, sanatoriyalarda balalar kollektiv ishine a'ste-aqirinliq penen uyrenisip baradi. Balada shinig'iw oqiw dawaminda sharshaw belgileri ko'rinse bul tu'rdegi shinig'iwlardi waqtinsha toqtatiwg'a tuwra keledi. Sanatoriyalarda dem alip, emlenip kelgen balalar son' o'zi oqiw orinlarinda oqiwin dawam etiwge boladi. Ruwxiy rawajlaniwi to'menlegen balalar ushin arnawli internatlar bar. Bul jerde balalar qatan' intizam astinda baqlawda boladi. Ol jerdegi ta'lim-ta'rbiya balanin' pikirlew qa'bileti, diqqati, nutqi, qiyali, pikirlew oylaw protsesindegi kemshiliklerdi du'zetiwge qaratilg'an boladi, oqitiwshi balalardin' o'zine ta'n psixik belgilerin esapqa alip ta'lim-ta'rbiya beredi.

Bizin' ma'mleketimizde ruwxiy rawajlaniwinda kemshiligi bar balalar menen birge aqili normada biraq ayirim kesellikleri bar arnawli balalar baqshalari bar.

Bunday baqshalar ha'zirgi ku'nde bizin' respublikamizdin' ha'r bir rayonlarinda balalarg'a ta'lim ta'rbiya berip atir.

Ayirim balalar baqshalarinda aqili zayip balalar menen bir qatarda tilinde awir kemshiligi bar balalarda ta'lim-ta'rbiya aladi. Bunday balalarg'a arnawli programmalar balalardin' psixologiyasin esapqa alip islep shig'arilg'an. Bul

tarawda arnawli qa’niygeler jumis alip bariwi kerek boladi, ja’rdemshi mektep,mektep internatlarda  oligofren balalar oqitiladi. Bul balalar medico-pedogogik qararlar menen keselliklerinin’ tu’rine qarap bo’linedi.

Oligofrenler: debeller; imbittsiller; ideotlarg’a bo’linedi.

# 7-tema: O’zbekistanda arnawli rawajlaniwinda kemshiligi bar balalarg’a arnalg’an mektepler.

## REJE:

1. Ayriqsha jardemge mu’ta’j balalar mektepleri haqqinda tu’sinik beriw
2. Anamal balalar ushin arnawli mektepler
3. Arnawli mekteplerde korreksion ta’lim
4.

O’zbekistan Respublikasinin’ Ta’lim tuwrisindag’I nizamnin’ 23-statyasinda fizikaliq ha’m ruwxiy rawajlaniwinda kemshilik bar animal balalar ta’lim aliw huqiqina iye. Ma’mleketimizde animal balalarg’a jaqinnan ja’rdem beriw insane haqqinda g’amxorliqlarinan ko’riwge boladi.

O’zbekistanda animal ha’m nagiran balalarg’a ja’rdem Xaliq ta’lim ministrligi ta’repinen ko’rsetilgen arnawli oqiw orinlarinda sho’lkemlestirilgen. Xaliq ta’lim bo’liminde olar ushin u’zliksiz ta’lim tiykarinda mektepke shekemgi ta’rbiya mekemeleri, mektep,mektep-internatlar jumis alip barip atir.

Bul jerde balalarg’a deferensial ta’limdi sho’lkemlestiriw arnawli baqshalarda, arnawli mektep, mektep internarlarinda, awir esitiwshi balalar, ha’reket tolqini buzilg’an balalarda a’melge asirilip atir. Uliwma bilim beriw mekteplerde arnawli klaslar sho’lkemlestirilgen.

Baslawish mekteplerde ruwxiy rawajlaniwi to’men balalar ushin arnawli ten’lestiriwshi klaslar awir til kemshiligi bar balalar ushin til klaslari, aqili zayip balalar ushin ja’rdemshi klaslar bar.

U’zliksiz ta’lim tiykarinda ayriqsha ja’rdemge muqtaj balalar ushin arnawli miynet mektepleri, ka’sip-o’ner kollejlerinde arnawli toparlar bolip balalarg’a ta’lim-ta’rbiya berip atir. Jen’il da’rejedegi til kemshiligi bar balalar ushin arnawli toparlarashilg’an. Sawliqti saqlaw ministrligi qarari menen animal balalarg’a meditsinaliq ja’rdem ko’rsetiw, psixo-nevrologik sanatoriyalar, statsionarlar islep tur.

Poliklinikalarimizda defektologlar, surdolog, logopedler basqa da shipakerler menen birgelikte tiyisli jumislar islep atir. Aqili rawajlaniwi awir (imbetsil, idiot)balalar tuwilg’annan to’rt jasqa shekem den sawliqti saqlaw ta’repinen sho’lkemlestirilgen arnawli bo’limlerde emlenedi ha’m ta’rbiyalanadi.

Miynet ha’m xaliqqa xizmet ko’rsetiw ta’repinen du’zilgen mexribanliq ja’rdemshi mekemelerde awir tu’rdegi animal balalar ta’rbiyalanadi. Bul jerde balalar 4-7 jastan 7 jasqa shekem, 7 jastan 18 jasqa shekem o’mirinin’ aqirina shekem ta’rbiyalanip keledi. U’zliksiz ta’lim tiykarinda ja’rdemge muxtaj balalarda arnawli balalar baqshalarinda 4 jastan 7 jasqa shekem arnawli balalar baqshalarinda ta’lim-ta’rbiya aladi. Mektep jasindag’I ayriqsha ja’rdemge za’ru’r balalar misali: zayip ko’riwshi balalar ko’zi a’zzi balalar tog’iz jilliq ta’lim da’sturi 11 jilda o’zlestiredi.

Ha’r bir klasqa 12den bala alinadi. Ko’zi a’zzi balalar ushin arnalg’an internatlarda ko’zi a’zzi aqili zayip balalar ushin arnawli toparlar belgilep berilgen.

Ko’zi a’zzi ha’m ko’rler mektebinde ta’lim sistemasi brayl sistemasi boyinsha shig’arilg’an sabaqliqlar arqali o’tiledi. Bunday balalarg’a ha’ripler iri ulkeytirigen formalarda jaziw siziwlari ayriqsha boladi.

Ko’r ha’m a’zzi ko’riwshilerge arnalg’an mektep internatlarinda balalar 11 jil oqip 9 jilliq uliwma ta’lim mektep sistemasin uyrenip shig’adi, son’ bunday balalar 11 jilliq pitirgenligi haqqinda mag’liwmatnama aladi. Bunday balalar keleshekte joqari oqiw orinlarinada kiriwi mu’mkin. Balalardi oqitip ta’rbiyalawg’a en’ basli waziypa bul balalardi ka’sipke bag’darlaw. Balalar miynet sabaqlarinda 5-7 bala al uliwma ta’lim sabaqlarda 12 baladan oqitiladi.

Debil da’rejedegi ko’zi a’zzi balalar arnawli klaslarda oqitiladi. Bunday klaslarda balalardin’ sani 7-8 baladan aspaslig’I kerek.

Awir esitiwshi balalar ushin arnalg’an mektep internatlarda balalar eki toparg’a bo’lip oqitiladi.

Nutqi bar balalar ya’niy so’yley alatug’in balalar birinshi bo’limde qiyinshiliqlar menen so’yleytug’in balalar ekinshi bo’limde oqitiladi.

Birinshi bo’limde oqitilatug’in balalardin’ oqiw mu’ddeti on jil ekinshi bo’limde oqitilatug’in balalardin’ oqiw rejeleri 11,12 jil ha’r bir klasta 12 baladan oqiwshi boladi. Aqili zayip, qulag’I awir bala bolsa 1 klasta 7-8 bala arnawli klaslarda ta’lim – ta’rbiya aladi. Awir til kemshiligine iye bolg’an balalar ushin arnawli balalar baqshalari islep tur. Bul jerde balalardin’ til kemshiliklerin medika pedagogic qararlar arqali aniqlanip arnawli baqshalarg’a jollamalar beriledi sol jollamada balanin’ til kemshiliginin’ qaysi tu’rine qarap toparlarg’a bo’linedi.

Arnawli emes baqshalarda ha’m balanin’ til kemshiliklerin logoped aniqlap alip arnawli toparlar yamasa jeke isleniwi mu’mkin.

Tilinde kemshiligi bar balalarda arnawli baqshalardag’I maqsetinin’ baladag’I til kemshiliktin’ aldin aliw, tildegi kemshiliklerdi korreksiyalaw, sonin’ menen balada ekinshi nuqsandi kelip shig’iwinin’ aldin aliw sonin’ menen balag’a jeterli da’rejede bilim berip o’z ten’lesleri arasina uliwma bilim beriw mekteplerine tayarlap shig’ariw.

Mektepke shekemgi jastag’I logoped bala ushin tilinde kemshiligi bar balalar ushin uliwma mektepke shekemgi mekemelerde defektologik punktler bar.

Mekteplerge logopedik punklerdi sho’lkemlestiriw ushin 25 klass biriktiriledi. Logoped balalardin’ ha’r birin ko’rikten o’tkerip, logopedik ja’rdemge muhtaj balalardi ajiratip aladi. Baladag’I kemshiliklerdin’ tu’rine qarap olardi toparlarg’a bo’ledi ha’m jeke ta’rtipte oqiw shinig’iwlarin alip baradi. Shinig’iwlarg’a balalar ha’ptesine 3 ma’rtebe tilindegi kemshilik du’zetilgenge shekem logopedik shinig’iwlarg’a qatnasadi.

Awir tu’rdegi tilinde kemshiligi bar balalar mektep da’sturin o’zlestire almaytuginin balalar inklyuziv sharayatta mekteplerde ta’lim aladi. Bunday balalar ushin arnawli mektep-internarlar 2 bo’limnen ibarat bolip, birinshi bo’limde nutq rawajlaniwinin’ awir, arqada qalg’an alaliya, afaziya, dizartriya, renololiya, aleksiya, agrafiya, diegrafiya, tutilip so’ylewshi logapad balalar ekinshi bo’limde so’ylew da’rejesi normada biraq tutilip so’ylewshi balalar ta’lim aladi. Tilinde awir kemshiligi bar balalar arnawli mekteplerde uliwma bilim beriwdin’ 9 jilliq mektep da’sturi boyinsha bilimlerin beredi. Ha’r bir klasta 12 oqiwshi ta’lim ta’rbiya aladi.

Pedagogic ken’esinin’ qarari menen baladag’I til kemshiligi joq etilgen balalar orta arnawli mekteplerge jiberiledi, sol jerde bala oqiwin dawamlaydi. Xaliq ta’lim ministrligi ta’repinen aqili zayip balalari ushin arnawli ja’rdemshi ta’rbiya mekemeleri sho’lkemlestirilgen bolip bul jerde balalar 4 jastan qabillanadi 7 jasqa tolg’annan son’ arnawli miynet ta’lim mekteplerine jiberiledi. Bunday baqshalardi sho’lkemlestiriwdegi maqsetimiz aqili zayip balalar menen ertelew kemshilikten korreksion jumislardi alip bariw, olarda ekinshi da’rejedegi psixik keselliklerdin’ aldin aliw ha’m basqa keselliklerdi keltirip shig’armaw.

Aqili zayip balalarg’a ku’ni uzaytirilg’an ja’rdemshi miynet ta’lim ta’rbiya mekteplerinde 9 jilliq da’stur tiykarinda ta’lim-ta’rbiya beriledi ha’m ka’sip o’nerge, keleshekteo’z-o’zine xizmet ko’rsete alatug’in da’rejege alip jetkeredi.

Ja’rdemshi mekteplerde barliq isler korreksion ta’lim tiykarinda a’melge asiriladi. Aqili zayip balalarg’a arnalg’an oqiw rejesinin’ ko’pshilik bo’legin miynet ta’limine qaratilg’an boladi, bul jerde balalar ustashiliq. Slesorliq, tigiwshilik, sharwashiliq isleri boyinsha isleri boyinsha uyretilip bariladi.

Bunday mektepte miynet sabag’inda balalar sani 8-10 bala basqa oqiw sabaqlarinda balalar sani 12-16balag’a shekem ta’lim-ta’rbiya aladi. Bunday mekteplerde(fizika, ximiya, geometriya, trigonometriya, algebra)pa’nleri sabaq retinde kiritilmegen.

Ha’reket tayanishi buzilg’an balalar ushin ha’m arnawli mektep internatlar du’zilgen. Bul jerde balalar uliwma bilim beriw mektebinin’ 11 jilliq da’sturdi o’zlestirip belgili bir maman iyesi bolip shig’adi. Bul mekteplerde balalardin’ ha’r biri meditsina ja’rdemine mu’taj balalar bolg’anlig’I sebepli balalarg’a kompleksli ta’sir etiw prinsipleri tiykarinda oqiwshi shipaker, dawalawshi fizkultura, massaj, logoped ha’m basqalar menen birgelikte jumis isleydi.

Jeke ja’rdemge muxtaj bolg’an balalarg’a jeke ta’rizde shinig’iwlar o’tkiziledi.

Miynet sabaqlarinda 7-8 bala ha’r bir klasta 16 oqiwshidan ta’lim ta’rbiya aladi.

Tayanish ha’reketindegi kemshiliklerdi esapqa alip bunday mekteplerde 40 min sabaqliqlar 20 min bo’linedi, arasinda 5min fizikaliq shinig’iwlarg’a waqit ajiratiladi.

Qulag’I awir ko’zi ko’r balalar ushin O’zbekistanda arnawli mektep internatlar ha’zirgi ku’nge shekem sho’lkemlestirilmegen. Bunday arnawli balalar internati Moskva qalasinin’ Zagorsk qalasinda ayriqsha ja’rdemge mu’taj balalar ushin iske tu’sirilgen.

## Paydalanilg’an a’debiyatlar


1. Arnawli pedogika R.M.Polatova
1. S.Sh.Aytmetova jardemshi mektep oqiwshilarinin’ psixik rawajlaniw belgileri 1984 j. Oqitiwshi.
2. L.S. Vıgodskiy Razvitsya vısshıx psixicheskix funktsiy M. 1976 g.
3. Mavliyanova, O. Tog’ayeva, Murodov “Pedagogika” Oqitiwshi. 2000 j.
4. T.R. Muminova Nogiron bolalarni oylada tarbiyalash. 1996 j.
5. K.X. Mamedov Ruxiy rawajlaniwinda nuqsani bolg’an oqiwshilar psixologiyasi T. Oqitiwshi.1994 j.
6. A.K. Munavvarov Oyla pedagogikasi T. oqitiwshi. 1994 j. 112 bet

7. V.S. Raxmanova Maxsus pedagogika T. G’afur- G’ulom 2005 j.
9. K.X. Mamedov, A.M. Saatov, R.M. Polatova Omegafrenopedagogika asoslari T. Oqitiwshi. 1994 j.
10. A. Smirnova “Korrektsion vospitatelnaya rabota uchitelya vspomogatel`noy shkolı” Prosveshenie Moskva. 1985 g.
11. M. Ilxamov Oylada bolalarning manaviy axloxiy tarbiyasi. Nizomiy nomidagi TDPI.
12. WWW. Ziyo.net
13. httr://www//uralarti/ru.